

21 out 2020

Chè Fanmi Lekòl Piblik Boston yo:

Mèsi pou pasyans ak sipò kontinye nou. Avèk èd pa w, nou te planifye pandan tout ete a pou yon kòmansman ane skolè a ki an sekirite ak sante. Pandan otòn nan, Lekòl Piblik Boston yo (BPS) pral kontinye ap swiv direktiv pou sante piblik k ap evolye yo epi nou pral respekte chwa fanmi yo pandan nou resevwa elèv yo tounen lekòl la.

Ane skolè nou pral kòmanse a distans pou klas ane K0 a 12 lendi 21 septanm. Tout pèsònèl ki baze lekòl yo pral retounen apati madi 8 septanm, pou devlopman pwofesyonèl epi pou yo kòmanse ap kontakte ak akeyi elèv nou yo ak fanmi yo.

Majistra Walsh ansanm avèk mwen te koute epi konsilte avèk ekspè nan sante piblik yo, pwofesè ak pèsònèl yo, ofisyè minisipal yo, epi nou te sanble fidbak nan men milye manm nan kominote a nan konbyen douzèn reyinyon vityèl. Avèk kontribisyon sa yo, BPS te deside tout elèv yo pral kòmanse ane skolè a ap aprann a distans. Nou pral antre nan modèl aprantisaj ibrid la pazapa nan yon fason responsab epi an sekirite kòmanse jedi 1e oktòb. Modèl ibrid la pèmèt elèv yo aprann an pèsòn de jou pa semèn epi aprann a distans twa jou pa semèn. **Fanmi ki gen elèv ki pa te seleksyone modèl ibrid la, epi ap planifye pou yo aprann a distans senk jou pa semèn p ap pèdi plas yo.**

Aprè tout elèv yo kòmanse aprantisaj a distans 21 septanm, faz pou nou antre nan aprantisaj an pèsòn sou lis ki anba a. De dat yo reprezante diferan premye jou yo pou elèv ki nan Gwoup Group A ak Gwoup B. Nou pral pataje plis enfòmasyon sou plasman sa yo nan semèn k ap vini yo.

Jedi 1e Oktòb: Elèv ki gen plis bezwen yo

Jedi 15 Oktòb (B) & Lendi 19 Oktòb (A): Ane K0, K1, K2

Jedi 22 Oktòb (B) & Lendi 26 Oktòb (A): Ane 1 a 3

Jedi 5 Novanm (B) & Lendi 9 Novanm (A): Ane 4 a 8 (lekòl segondè yo kòmanse ane 6 a 8)

Lendi 16 Novanm (A) & Jedi 19 Novanm (B): Ane 9 a 12

Nou konprann sikonstans familyal yo konn chanje; se poutèt sa, fanmi yo gen dwa mande yon chanjman nan preferans inisyal yo ke yo te seleksyone nan fòmilè pi resan nou an, sa nou te voye bay fanmi yo 19 out la. Lendi 24 out, BPS pral kòmanse ap rele fanmi ki poko ranpli oswa gen dwa poko resevwa fòmilè a pou nou ede yo ranpli li. Epi tou nou pral voye imèl bay tout fanmi yo pou nou konfime seleksyon pa yo, epi pita nou pral founi yon orè skolè ak enfòmasyon sou transpò sou bis jòn, jan sa aplikab.

Pou plis enfòmasyon sou modèl aprantisaj yo, osi byen ke bouyon plan pou re-ouvèti nou ki pi resan an, tanpri ale sou [bostonpublicschools.org/reopening](https://www.bostonpublicschools.org/reopening). Si w ta gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte reopening@bostonpublicschools.org.

Nou pral kontinye ap founi mizajou pou fanmi yo pandan pwochen plizyè semèn k ap vini yo. Mèsi pou patenarya kontinye w pandan nou konsantre tout efò nou yo pou nou asire yon ane aprantisaj ki an sekirite ak sante.

Pi bon fason pou nou tout rete an sekirite epi fè timoun nou yo retounen lekòl la se pou nou tout jwe wòl pa nou pou nou mete mask, kenbe yon distans de sis pye de youn a lòt, evite foul, rete lakay depi w pa santi w byen, epi lave men nou yo souvan. Nan swiv direktiv sou sante sa yo, nou p ap sèlman kenbe tèt pa nou ak fanmi nou yo an sekirite, men nou pral ede kominote nou an tou, epi kenbe lekòl nou yo an sekirite pou timoun nou yo.

Mèsi pou patenarya w ak pasyans ou,

Dr. Brenda Cassellius
Sipèentendant